



## MODÈL PLAN SEKIRITE NY FORWARD LA

Chak biznis oswa antite, enkli sa yo ke yo te dezinye kòm esansyèl anba Konsèy Biznis Esansyèl Empire State Development (Empire State Development's Essential Business Guidance) lan dwe devlope yon Plan Sekirite alekri ki dekri fason espas travay li a pral anpeche pwopagasyon COVID-19 la. Yon biznis ka ranpli modèl sa a pou li satisfè egzijans lan, oswa li ka devlope pwòp plan sekirite pa li. **Yo pa bezwen soumèt plan sa a bay yon ajans eta a pou apwobasyon** men yo dwe konsève li nan lokal biznis lan epi li dwe disponib pou Depatman Sante (Department of Health, DOH) Eta New York oswa pou otorite sante oswa otorite sekirite lokal yo nan ka ta gen yon enspeksyon.

Pwopriyetè biznis yo ta dwe al gade konsèy endistriyèl espesifik Eta a pou plis enfòmasyon sou fason pou yo opere san danje. Pou lis rejyon yo ak sektè ki otorize pou re-ouvè, ansanm ak konsèy detaye pou chak sektè, tanpri vizite: [forward.ny.gov](https://forward.ny.gov). Si endistri ou a pa enkli nan konsèy ki afiche a men biznis ou opere kòm esansyèl, tanpri al gade **Konsèy pou Biznis Esansyèl** ESD a epi respekte konsèy ki nan plan sekirite sa a. Tanpri kontinye tcheke regilyèman sit New York Forward la pou jwenn konsèy ki aplikab pou biznis ou oswa kèk pati nan fonksyon biznis ou, epi konsilte resous eta ak federal yo ki nan lis anba a.

### COVID-19 Plan Sekirite pou Re-ouvèti

**Non biznis lan:**

**Endistri:**

**Adrès:**

**Enfòmasyon Kontak:**

**Pwopriyetè/Jesyonè Biznis lan:**

**Reprezantan Resous Zimèn ak Enfòmasyon pou Kontak, si sa aplikab:**

### I. Moun

**A. Distans Fizik. Pou asire anplwaye yo konfòme yo avèk egzijans distans fizik yo, ou dakò ke ou pral fè bagay sa yo:**

- Asire distans 6 pye ant pèsonèl la, sòf si sekirite oswa fonksyon debaz nan aktivite travay la mande pou yon distans ki pi kout. Nenpòt ki lè pèsonèl yo sitiye yo a mwens pase 6 pye youn ak lòt, pèsonèl la dwe mete yon kouvèti vizaj ki akseptab.
- Espas ki jis anpil pral genyen sèlman yon moun an menm tan, sof si tout moun yo mete kouvèti vizaj. Si yo genyen plis pase yon moun, yo pral kenbe okipasyon an anba 50% kapasite maksimòm nan.

- Itilize tep pou afiche mak distans sosyal la oswa pano pou endike 6 pye espas nan zòn moun itilize ak lòt zòn posib sou sit la (eg: estasyon pou tcheke antre/soti, estasyon depistaj sante)
- Limite rasanbleman yo tout tan sa posib epi itilize tele-oswa videyo-konferans lè sa posib. Rasanbleman esansyèl yo (egz: reyinyon) ta dwe fèt nan espas ouvè, ki gen bon van ak distans sosyal apwopriye pami patisipan yo.
- Etabli espas ki deziye pou ramasaj ak livrezon, pandan N'ap limite kontak yo tout tan sa posib.

*Fè lis sitiyasyon komen ki ka pa pèmèt 6 pye distans ant moun yo. Ki mezi ou pral aplike pou asire sekirite anplwaye ou yo nan sitiyasyon konsa yo?*

*Ki jan ou pral jere angajman ak kliyan ak vizitè yo sou egzijans sa yo (jan sa aplikab)?*

*Ki jan ou pral jere distans sosyal fizik ki lye ak endistri ou (eg, chanjman orè, poz manje) (jan sa aplikab)?*

## II. ESPAS

### A. Ekipman Pwotektif. Pou asire anplwaye yo konfòme yo avèk egzijans ekipman pwotektif yo, ou dakò ke ou pral fè bagay sa yo:

- Anplwayè yo dwe bay anplwaye yo yon kouvèti vizaj akseptab san peye epi prepare yon apwovizyonman kouvèti sifizan nan ka ranplasman.

*Ki kantite mask pou kouvri figi – ak nenpòt ki lòt PPE – ou pral bezwen pwokire pou asire ke ou toujou gen founiti ki sifi ki disponib pou anplwaye yo ak vizitè yo? Kijan ou pral pwokire founiti sa yo?*

- Kouvèti vizaj yo dwe netwaye oswa ranplase apre itilizasyon oswa lè yo andomaje oswa kontamine, men yo pa dwe pataje, e yo ta dwe byen stoke oswa jete.

*Ki politik ou pral aplike pou asire ke yo netwaye, sere, ak/oswa jete PPE yon fason apwopriye?*

- Limite pataj objè epi dekouraje touche sifas pataje; oswa, lè gen kontak ak objè pataje oswa espas moun frekante souvan, mete gan (sa ki apwopriye pou komès oswa medikal); oswa, dezenfekte oswa lave men avan ak apre kontak.

*Fè yon lis objè komen ki gen chans pataje ant anplwaye yo. Ki mezi ou pral aplike pou asire sekirite anplwaye ou yo lè w sèvi ak objè sa yo?*

**B. Ijyèn ak Pwòpte. Pou asire anplwaye yo konfòme yo avèk egzijans ijyèn ak pwòpte yo, ou dakò ke ou pral fè bagay sa yo:**

- Adere a egzijans ijyèn ak asenisman yo ki soti nan [Sant pou Kontwòl ak Prevansyon Maladi yo](#) (Centers for Disease Control and Prevention, CDC) ak [Depatman Sante](#) (Department of Health, DOH) epi kenbe rejis netwayaj nan espas la ki gen ladan dat, tan, ak anvègi netwayaj yo.

*Ki moun ki pral responsab pou kenbe yon rejis netwayaj? Ki kote yo pral kenbe rejis la?*

- Bay e kenbe estasyon ijyèn men pou responsab yo, ansanm ak lave men ak savon, dlo, ak papye, oswa yon dezenfektan pou men ki fèt a baz alkòl ki gen 60% oswa plis alkòl pou espas kote lave men pa posib.

*Ki kote nan espas travay la ou pral bay anplwaye aksè ak ijyèn men apwopriye ak/oswa pwodwi asenisman epi ki jan ou pral ankouraje bon ijyèn men?*

- Fè yon netwayaj ak dezenfeksyon regilye pou pi piti apre chak orè, chak jou, oswa pi souvan kòm sa dwa, e netwayaj ak dezenfeksyon objè pataje yo souvan (egz: zouti, machin) ak sifas yo, ansanm ak espas ki frekante souvan yo, tankou twalèt ak espas komen dwe acheve.

*Ki règleman ou pral aplike pou asire netwayaj ak dezenfeksyon regilye nan travay ou ak nenpòt objè pataje oswa materyèl, nan sèvi avèk [pwodwi](#) yo idantifye kòm efikas kont COVID-19 la?*

**C. Kominikasyon. Pou asire biznis lan ak anplwaye yo konfòme yo avèk egzijans kominikasyon yo, ou dakò ke ou pral fè bagay sa yo:**

- Afiche siyalizasyon nan tout sit la pou raple responsab yo pou respekte ijyèn nòmal la, prensip distans sosyal yo, itilizasyon nòmal PPE yo ak pwotokòl netwayaj ak dezenfeksyon yo.
- Etabli yon plan kominikasyon pou anplwaye, vizitè, ak kliyan yo ak mwayen pou bay enfòmasyon resan.
- Kenbe yon rejis kontinyèl pou tout moun, ki gen ladan travayè yo ak vizitè yo, ki te ka gen kontak sere avèk lòt moun nan sit oswa zòn travay la; eksepte livrezon ki fèt ak PPE apwopriye oswa pa mwayen san kontak; eksepte kliyan yo, ke yo ankouraje yo bay enfòmasyon kontak pou mete nan rejis la men li pa obligatwa pou fè sa a.

*Ki anplwaye ki pral an chaj pou kenbe yon rejis sou chak moun ki antre nan sit la (eksepte kliyan ak livrezon ki fèt ak PPE ki apwopriye oswa atravè mwayen san kontak), epi ki kote yo pral kenbe rejis la?*

- Si yon travayè gen tès COVID-19 pozitif, patwon an dwe fè depatman sante eta ak lokal yo konn sa touswit epi kopere avèk efò pou retrace kontak yo, sa gen ladan mete okouran kontak posib yo, tankou travayè oswa vizitè ki te gen kontak sere avèk moun nan, epi an menm tan kenbe konfidansyalite lwa ak règleman eta ak federal yo egzije a.

*Si yon travayè teste pozitif pou COVID-19, ki anplwaye ki pral responsab pou avèti depatman sante eta a ak lokal yo?*

### III. PWOSESIS YO

**A. Depistaj. Pou asire biznis lan ak anplwaye yo konfòme yo avèk egzijans ekipman pwotektif yo, ou dakò ke ou pral fè bagay sa yo:**

- Ikreye evalyasyon depistaj sante obligatwa (egz: kesyonè, kontwòl tanperati) avan anplwaye yo kòmanse travay chak jou epi pou vizitè esansyèl yo, pou mande konsènan (1 [sentom](#) COVID-19 la nan 14 jou pase yo, (2) tès COVID-19 pozitif nan 14 jou pase yo, ak/oswa (3) kontak sere ak yon ka COVID-19 konfime oswa sispèk nan 14 jou pase yo Repons evalyasyon yo dwe revize chak jou e revizyon sa yo dwe dokimante.

*Ki kalite pratik sante ak tès depistaj ou pral aplike chak jou? Èske tès depistaj la pral fèt anvan anplwaye a vin travay oswa sou sit la? Ki moun ki pral responsab pou fè yo, e kijan moun sa yo pral resevwa fòmasyon?*

*Si tès depistaj la fèt sou sit la, ki kantite PPE yo pral egzije pati ki responsab yo pou mete nan moman tès depistaj la? Kijan ou pral bay PPE sa a?*

**B. Trasaj Kontak ak dezenfeksyon nan zòn ki kontamine yo. Pou asire biznis lan ak anplwaye yo konfòme yo avèk egzijans Trasaj Kontak ak dezenfeksyon yo, ou dakò ke ou pral fè bagay sa yo:**


- Gen yon plan pou netwayaj, dezenfeksyon, ak rechèch kontak nan moman yon ka pozitif.

*Nan ka yon anplwaye teste pozitif pou COVID-19 la, kijan ou pral netwaye zòn ki aplikab ki kontamine yo? Ki pwodwi yo idantifye kòm efikas kont COVID-19 ou pral bezwen ak ki jan ou pral jwenn yo?*

*Nan ka yon anplwaye teste pozitif pou COVID-19 la, kijan ou pral retrase kontak sere nan espas travay la? Kijan ou pral enfòme kontak sere yo ke yo te ekspoze a COVID-19?*

## IV. LÒT

Tanpri itilize espas sa a pou bay plis detay sou plan sekirite biznis ou a, enkli nenpòt bagay pou adrese konsèy endistri espesifik la.



**Rete ajou sou konsèy espesifik ki lye ak endistri a:**

Pou asire ke ou rete ajou sou konsèy ke Eta a pibliye a, ou pral:

- Konsilte sitwèb NY Forward la nan [forward.ny.gov](https://forward.ny.gov) ak Dekrè Egzekitif ki aplikab yo nan [governor.ny.gov/executiveorders](https://governor.ny.gov/executiveorders) sou yon baz peryodik oswa chak fwa yo avize disponibilite nouvo konsèy.

## Resous Eta ak Federal pou Biznis ak Antite yo

Kòm yo mete ajou resous sa yo souvan, tanpri rete konekte ak konsèy eta ak federal la bay an repons a COVID-19 la.

### *Enfòmasyon Jeneral*

[Sit Entènèt Epidemi Kowonaviris \(COVID-19\) Depatman Sante \(DOH\) Eta New York la](#)  
[Sit Entènèt Kowonaviris \(COVID-19\) Sant pou Kontwòl ak Prevansyon Maladi yo \(CDC\)](#)  
[Sit Entènèt COVID-19 Administrasyon Sekirite ak Sante nan Travay \(OSHA\)](#)

### *Konsèy soi Espas Travay*

[Enstwiksyon pou Biznis ak Patwon Travay yo pou Panifye, Prepare epi Fè Entèkansyon pou Maladi Kowonaviris 2019 CDC a](#)  
[Konsèy pou Prepare Espas Travay pou COVID-19 OSHA a](#)

### *Konsèy Ekipman pou Pwoteksyon Pèsonèl*

[Konsèy Pwovizwa ki nan Dekrè Egzekitif 202.16 Ki Mande Mask pou Kouvri Figi pou Anplwaye Piblik ak Anplwaye Prive yo](#)  
[Ekipman pou Pwoteksyon Pèsonèl OSHA a](#)

### *Konsèy Netwayaj ak Dezenfeksyon*

[Dezenfektan pou COVID-19 ki Anrejistre nan Depatman Konsèvasyon Anviwònmanal \(DEC\) Eta New York](#)  
[Konsèy Pwovizwa pou Netwaye ak Dezenfekte Etablisman Piblik ak Prive kont COVID-19 la](#)  
[Netwayaj ak Dezenfeksyon Etablisman CDC yo](#)

### *Konsèy Depistaj ak Tès*

[Tès COVID-19 DOH](#)  
[Sentom COVID-19 CDC yo](#)